Дыгъэгъазэм и 9-р Урысейм и ЛІыхъужьхэм я махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№236 (23.144) • 2015 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 9, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Щапхъэ зыгъэлъагъуэхэр

● Дыгъуасэ

**«Урысейм и хьэпшып нэхъыфІи 100» урысейпсо зэхьэзэхуэм хэту, 2002 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс къэс щокІуэкІ республикэм и ІэтащхьэмІ и саугъэтыр къэхьынымкІэ щІыналъэ зэпеуэ. Мы гъэми а ІуэхумкІэ пажэ хъуахэр дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм щагъэлъэпІащ.**



КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ КъБР-м и Ізтащхьэ КІуэкІуэ Юрий захуигъэзащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэхэм къыщІагъэкІхэм я фІагъым хэгъэхъуэныр ди къалэн нэхъыщхьэщ, сыту жыпІэмэ хамэ къэралхэм кърашым дызэрефІэкІын ІэмалхэрдиІэщи. Иджыблагъэ Къэрал Советым и Президиумым Тагил Ищхъэрэ щригъэкІуэкІа зэІущІэм УФ-м и Президент Путин Владимир къыщыхигъэщащ къыщІэдгъэкІыр сыт хуэдизкІи нэхъыфІ хъун зэрыхуейр, абы щыгъуэми уасэр емыгъэлеяуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щылажьэ ІуэхущІапІэхэм я ІэнатІэхэм зрагъэужьын мурадкІэ иджырей Ізмалхэр къыщагъэсэбэп инвестицэ проектхэр ягъэхьэзырыным хущІокъу. Си гугъэмкІэ, апхуэдэ лэжьэкІэм фІы къыдэкІуэнущ. Псалъэм папщІэ, «Тэрчналмэс» заводымрэ «Станкопром» ІуэхущІапІэмрэ иджыпсту йолэжь сом мелуан 960-рэ зи уасэ проектыр гъэзэщІэным. Къапщтэмэ, заводым и къарумкІэ къыщІигъэкІыр хамэ къэрал кърашым иджыпстуи процент 60-кІэ пэувыфынущ. Проектыр яухыпэмэ, а бжыгъэр 100-ми нэсыну дыщогугъ», - жиІащ КІуэкІуэм.

Апхуэдэуи щапхъэ пэлъытэу КъБР-м и Ізтащхьэм къиихьащ «Къэббалъкънефтегаз» ООО-м иджырей мардэм тету автомобилхэм газ щрагъахъуэ станцхэр мы гъэм игъэувын зэриухыр. «Промышленность псынщІэм и гугъу пщІымэ, зэман гъунэгъум лэжьыгъэхэр зэфІэкІынущ щэкІ фабрикэр («Текстиль и Индустрия»), ухуэным ехьэлІауэ. Абы сом зы мелардым щІигъу текІуэдэнущ. Мы зэманым ухуэныгъэм и япэ Іыхьэр зэфІэкІащ, сом мелуан 700 и уасэу. Къыхэгъэщыпхъэщ фабрикэм лэжьэн щІидзэмэ, илъэсым сом зы мелардым нэблагъэ и уасэ къызэритынур. Хамэ къэрал къыщащэхум и пІэ иувэн хьэпшып, ерыскъыхэкІ республикэм и нэгъуэщІ ІэнатІэ куэдми къыщыщІагъэкІ. Псом хуэмыдэу пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкІхэмкІэ, нартыхумкІэ, джэдкъазымкІэ, нэгъуэщІхэмкІи ди щхьэ тхуэгъэпсэужынущ, уеблэмэ ди гъунэгъу щІыналъэхэри абыхэм къыщІоупщІэ. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъазэм къыхигъэщащ къэралыр ерыскъы къабзэрэ узыншагъэмкІэ сэбэпрэ къыщІэгъэкІынымкІэ щапхъэ зэрыхъуфынур. Дэри абы тетщІыхьу дылэжьэн хуейщ», - дыщІигъуащ и псалъэм КъБР-м и Ізтащхьэм.

Фигу къэдгъэкІыжынщ 2015 гъэм «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІи 100» урысейпсо зэхьэзэхуэм Налшык къалэ щылажьэ «Жако» ІэфІыкІэ фабрикэм, «Кавказкабель ТМ», «Кавказкабель» кабель заводхэм, «Горный родник» зыгъэпсэхупІэм ягъэлъэгъуахэмкІэ лауреат, «Прохладнэ щІакхъуэ завод» ОАО-р, «Тэрчналмэс», «Телемеханика», «Капитал-Инвест», «Прохладненский» ремонт-механикэ заводыр, «Чайка» ОАО-р дипломант зэрыщыхъуар. Абыхэми республикэм и Ізтащхьэм и саугъэтыр къэхьынымкІэ щІыналъэ зэпеуэ екІуэкІам щытекІуахэми щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ КІуэкІуэ Юрий яритыжащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**




## Хабзэм къезэгъыркъым

**«Иракым ООН-м Шынагъуэншагъэмкіэ и Советымрэ Хьэрып къэралхэм я лигэмрэ зыхуигъэзэнущ, къимыдэкІэ, экономикэ санкцэхэри яхуигъэувынущ, Тыркум и дзэхэр ди щІыналъэм иримышыжмэ», - щыжаІащ Багдад дыгъуасэ щекІуэкІа зэІущІэм.**

Иракым и премьер-министр аль-Абади Хайдер къыхигъэщащ къэралым и унафэщІхэм я арэзыныгъэ гуэри щІэмыупщІэу Тыркум и дзэхэр я щІыналъэм зэрихьар.

«Ди къэралым и гъунапкъэр хабзэншагъэкІэ къызэпаупщІауэ ираш абы къикІыр, ди зэгъунэгъугъэми пщІэ хуамыщІу, дуней псор зытет хабзэхэри къызэпауду. Ауэ ар дэ абыхэм яхуэддэнукъым икІи яхуэдгъэува сыхьэт 48-м къриубыдэу я дзэхэр ди хэкум ирашыжыным тыдогъэчыныхь», - жиІащ Иракым и правительствэм и унафэщІым.

### ЩІыуэпсыр нэхъ къабзэ хъуным хуаунэтІ

**Пластик кІэрыхубжьэрыхухэр куэдыщэ зэрыхъуам игъэгузавэхэри, Шотландием илъэс и пэкІэ яужь щихьат ахэр я гъащІэм «хэгъэкъэбзыкІыным».**

Абы хуэунэтІа япэ лъэбакъуэу ячараш: тыкуэнхэм нэхъ лъапІэ щащІащ къащэхуахэр зралъхьэ пакетхэр - зым пенси 5 хуэзэу. Апхуэдэ щІыкІэкІэ цІыхухэр ирагъэувэлІащ куэдрэ къэбгъэсэбэп хъу хъуржынхэр, къащэху ерыскъыхэр зэрыплъхьэ, зэрыпкІэ хъуну гуэрхэр тыкуэнхэм щыкІуэкІэ здахьыным.

Зыщыгугъахэм нэхърэ нэхъыфІыжу къыщІэкІащ а жэрдэмым кърикІуахэр: зэкІэ къызэрабжамкІэ, апхуэдэ пакетхэр ипэ ита илъэсым нэхърэ мелуан 650-кІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ пхъэнкІий идзыпІэхэм. А жэрдэмыр къыхэзылъхьахэм мыри къыхагъэщ: тыкуэнхэм яща пакетхэм къыщІэкІам щыщу доллар мелуанипщІым щІигъу псапащІэ Іуэхухэм трагъэкІуэдащ.

Тыкуэнхэм пластикым къыхэщІыкІа тарэхэр лъапІэ зэрыщыхъуам, дауи, псори щыгуфІыкІакъым, ауэ абыхэм фейдэ къазэрыпэкІуэри нэрылъагъущ. «Иджы ди цІыхухэр есэнущ нэхъ зэгъэзэхуауэ псэууэ. КъимыдэкІэ, ахэр нэхъ егупсыс хъуащ дыкъэзыухъуреихь дунейр нэхъ къабзэу щытыныр езыхэми куэдкІэ зэрелъытам», - жиІащ Шотландием щІыуэпсыр хъумэнымкІэ и ІуэхущІапІэм и унафэщІ Локхед Ричард.

## НОБЭ

♦**Урысейм щагъэлъапІэ Хэкум и ЛІыхъужьхэм я махуэр**

♦**Іулъхьэ тын-къеІыхыным пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ.** 2003 гъэм Меридэ къалэм (Мексикэ) щекІуэкІа конференцым Іэ щытрадзауэ щытащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм Коррупцэм пэщІэтыным хуэунэтІауэ къищта Конвенцэм.

♦**Урысейм гъущІ гъуэгу транспортым шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщын и ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**1989 гъэм** къыдэкІыу щІидзэжащ «Коммерсантъ» жылагъуэ-политикэ газетым. Ар Урысейм къыщыдэкІыу щытащ 1909 гъэм къыщыщІэдзауэ 1917 гъэ пщІондэ. Буржуазнэ зэхэтыкІэм хуэгъэпса къыдэкІыгъуэу къалъытэри, Совет властыр ягъэува нэужь ар зэхуащІыжауэ щытащ.

♦Урысей армэм и генерал-майор, къэралым и дамыгъэ лъапІэ куэд зыхуагъэфэща **Анзор Хьэту** къызэралъхурэ илъэс 213-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэрал Эрмитажым и унафэщІ **Пиотровский Борис** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр, продюсер, режиссёр цІэрыІуэ **Малкович Джон** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор **Щауэхужь Замир** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

**Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Ибэ бэшэчщ.**

● Егъэджэныгъэ

# Лъэпощхьэпо щыІэнукъым

**Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дыгъуасэ щекІуэкІащ еджапІэ нэхъыщхьэм и унафэщІхэмрэ Тырку Республикэм къикІауэ ди щІыпІэм щІэныгъэрэ ІэщІагъэрэ щызэзыгъэгъуэт щІалэгъуалэмрэ я зэІущІэ. Ар теухуат Тыркумрэ Урысей Федерацэмрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэм иужьрей лъэхъэнэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэригъуэтам.**



КъБКъУ-м и унафэщІхэм а къэралым щыщ студентхэм гурагъэІуащ ахэр адэкІи ди щІыпІэм щеджэну хуитыныгъэ зэраІэр икІи а Іуэхум лъэпощхьэпо лъэпкъ къызэрыхэмыкІынур. Университетым щІэныгъэ-къэхутэныгъэмрэ хамэ къэрал зэпыщІэныгъэхэмкІэ и проректор **Савинцев Алексей** студентхэм захуигъэзащ: «Фи дежкІэ иджыпсту нэхъыщхьэр щІэныгъэфІ зэвгъэгъуэтыныращи, дэ абыкІэ дэІэпыкъуэгъу дыфхуэхъунущ. ФытемыхьэулеикІ, нэхъ жыджэрыжу феджэ».

Тырку Республикэм щыщ студентхэм жаІащ къэралитІым яку къыдэхъуа щытыкІэм зэрырипІейтейр, апхуэдэу щытми, еджэным КъБКъУ-м щыпащэмэ нэхъ къызэращтэнур.

Студентхэм я гур зымыгъэкІуэд псалъэ яжриІащ КъБКъУ-м и Іуэхур зегъэкІуэнымрэ хамэ къэрал зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Тату Талин**. «Университетым и администрацэм лъэкІ псори ищІэнущ фэ щІэныгъэ тэмэм зэвгъэгъуэтын, ди еджапІэ нэхъыщхьэм и дипломыр фІэщІэлъу гъащІэ гъуэгум фытехьэн папщІэ, - къыхигъэщащ абы. - Фэ фи къалэныраши - фІыуэ феджэ».

ЗэІущІэм къекІуэлІа студентхэр апхуэдэуи иригузавэрт къэралитІым я цІыхухэр зэкІэлъыкІуэн папщІэ, визэ яІэн хуей зэрыхъужам. Савинцевым зэрыжиІамкІэ, Тыркум къикІауэ ди деж щІэныгъэ щызэзыгъэгъуэт студент псоми армырами зэреджэ визэ яІэщ, абы къыхэкІыуи абыкІэ гугъуехь лей зэикІ яшэчынукъым.

Университетым хамэ къэрал къикІа студентхэм ядэлэжьэнымкІэ и факультетым и декан **Бэгъэтыр Алим** щІалэгъуалэр къыхуриджащ ахэр Интернетым «щискІэ», абы щатхымрэ щыжаІэмрэ хуэсакъыну, политикэ и лъэныкъуэкІэ ирагъэкІуэкІ псалъэмакъхэм нэхъ набдзэгубдзаплъэу хущытыну.

Къыхэдгъэщынщи, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм щэкІуэгъуэм и кІэм хъыбар къыдигъэщІащ хамэ къэралхэм къикІауэ ди еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэс студентхэм щІэныгъэ зэгъэгъуэтын и лъэныкъуэкІэ лъэпощхьэпо лъэпкъ зэрамыІэнумкІэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



# Сыт конгрессым щаубзыхунур?

НОБЭ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьэн щыщІедзэ СНГ-м хиубыдэ къэралхэм я хьэрычэтыщІэ ныбжьыщІэхэм я етІуанэ конгрессым. Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и дэІэпыкъуныгъэкІэ ар къызэрагъэпэщащ «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм, «ЩІалэгъуалэ хьэрычэтыщІэ Іуэхум зегъэужьыным телажьэ Урысей центр» федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм, «Евразие зэдэлэжьэныгъэ» дунейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Кавказ Ищхъэрэм и вузхэм я студентхэм я ассоциацэм.

Конгрессым и лэжьыгъэм хэтщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым экономикэ унэтІыныгъэ зиІэ и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студенту, хьэрычэтыщІэ ныбжьыщІэу 100-м щІигъу.

Конгрессым щаубзыхунущ СНГ-м къриубыдэу нэхъ зэлэжьыпхъэу къалъытэ проектхэр. Конгрессым кърихьэлІахэр республикэм и предприятэ нэхъыфІхэм я инновацэ ІэнатІэхэм еплъынущ.

● Политологхэр Дагъыстэным щызэхуос

# «Урысейм хиубыдэ Кавказ»

Нобэ Дагъыстэным къыщызэІуах «Урысейм хиубыдэ Кавказ» зыфІаща дунейпсо политологие зэІущІэшхуэ. Абы хиубыдэу иригъэкІуэкІынущ «Каспий» политологие школри. Ахэр зыхуэунэтІар Урысейм Кавказым щыщу хиубыдэ Іыхьэм щыІэ гугъуехьхэм щІэныгъэм и лэжьакІуэхэм гу лъегъэтэнырщ, «Урысей цІыхубэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэнымрэ абы ис лъэпкъхэм я щэнхабзэм зегъэужьынымрэ» федеральнэ программэ хэхам къэралым иригъэкІуэкІ лъэпкъ политикэр пхыгъэкІыным хуэгъэзауэ хэтхэр нэхъ тэмэму гъэзэщІэнырщ.

Зэхыхьэшхуэм кърихьэлІа гупхэм пленар зэІущІэхэр, семинархэр щрагъэкІуэкІынущ Мэхъэчкъалэ, Дербент къалэхэм, Ахвах районым.

«Урысейм хиубыдэ Кавказ» дунейпсо политологие зэхыхьэшхуэр ирагъэкІуэкІ Къэрал Думэм Лъэпкъ ІуэхухэмкІэ и комитетым, Урысей Федерацэм Лъэпкъхэм я ІуэхухэмкІэ и федеральнэ агентствэм, УФ-м ЩІыналъэхэм я зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм, Дагъыстэн Республикэм и Правительствэм, Дагъыстэн Республикэм Лъэпкъ политикэмкІэ и министерствэм, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием СоциологиемкІэ и институтым, ЭкономикэмрэполитикэмкІэ Дагъыстэн институтым, Урысейм Политикэ щІэныгъэхэмкІэ и Ассоциацэм и Дагъыстэн къудамэм я дэІэпыкъуныгъэкІэ.

*КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-ІуэхущІапІэ.*

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

# Езым и дамыгъэ иІэщ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм къыщапщытэжащ ІуэхущІапІэм и дамыгъэ егъэщІыным теухуауэ республикэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм кърикІуахэр. Зэпеуэм ирагъэхьа лэжьыгъэ 14-м щыщу 4-р школакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІт, адрейхэр балигъхэм ящІат. Іуэхум хэтащ сурэтыщІ Іэзэхэри, дизайнерхэри, сурэт щІыным дихьэххэри.

Жылагъуэ палатэм и лэжьакІуэхэр куэдрэ зэчэнджэща нэужь, нэхъыфІу къалъытащ «Кабардино-Балкария» РИА-м и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Бэрбэч Хьэмзэт и лэжьыгъэр. Жылагъуэ палатэм и дамыгъэр абы къигъэлъэгъуащ зи Іэхэр зэрыІыгъ цІыхухэм я теплъэкІэ. Абы нэсу къыхощ Жылагъуэ палатэм и къалэн нэхъыщхьэр - цІыхубэмрэ властымрэ я зэпыщІэныгъэр гъэбыдэныр. Дамыгъэм и кум къощ КъБР-м и Къэрал ныпым и фэхэр, Іуащхьэмахуэ и теплъэр. Дамыгъэм Жылагъуэ палатэм и цІэр тетхащ адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ, урысыбзэкІэ.

**МОЛЭ Іэсият.**

# Нэхъ пуду Іэ тевдзэну фыхуеймэ

Газетхэмрэ журналхэмрэ 2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Іэ щІегъэдзынымкІэ урысейпсо махуипщІ лэжьыгъэ 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 3 - 13-хэм ирагъэкІуэкІ.

А зэманым къриубыдэу фэ къэралым, республикэм къыщыдэкІ газет, журнал щхьэхуэхэм нэхъ пуду Іэ щытевдзэфынущ. А Іуэхутхьэбзэр къыщыфхуащІэнущ республикэм и дэтхэнэ пощт ІуэхущІапІэми.

Фигу нэхъ ирихь къыдэкІыгъуэхэм Іэ тевдзэн Іэмалыр зыІэщІэвмыгъэкІ!

*Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыІэ.*

# Ди газетыр къевгъэхьынумэ

**Пощтым и лэжьакІуэхэм зэбграх нэужьым, ди газетым мазихым сом 839-рэ кІэпІейкІэ 88-рэ и уасэщ.**

**Пощт ІуэхущІапІэхэм газетыр къыщыІахыж нэужьмэ, сом 758-рэ кІэпІейкІэ 76-рэ щІатыну аращ.**

**Ди индексыр 51531**

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

# Зи зэфІэкІми зи пщІэми хэзыгъахъуэ

АнэдэлъхубзэкІэ къыдэкІ ди газетыр адыгэ унагъуэ куэдым я дежкІэ гъуазэу, лъэпкъым щыщ цІыху хэкупсэхэм я гъуэгугъэлъагъуэу, унэтІакІуэу зэрыщытыр си щхьэкІэ зыхызощІэ. Къапщтэмэ, сэ сыщыпсэу Малкэ си нэгу щыщІокІ «Адыгэ псалъэм» цІыхухэм пщІэ зэрыхуащІымрэ абы щІэупщІэшхуэ зэриІэмрэ.

Дэтхэнэ лъэпкъым и дежкІи нэхъыщхьэр езым хуэфащэ щІэблэ гъэсэнырщ. Араш адыгэхэми ди хъуэпсапІэ нэхъыщхьэр: ди блэкІам щыгъуазэ, нобэрей гъащІэм щыжыджэр, къэкІуэну дахэр зи плъапІэ цІыху къэдгъэхъунырщ. Ауэ щыхъукІэ, а къалэнхэм тэмэму дапэлъэщынымкІэ сэбэпышхуэ къытхуохъу, тегъэщІапІэ инуи диІэщ ди лъэпкъ газет закъуэр. Абы и напэкІуэцІхэм къытехуэ тхыгъэхэм ящыщ куэд гъащІэм къыхэпх хъуну дерсу къыдолъытэ. Си щхьэкІэ сфІэфІу, сыдихьэхыу сыкъоджэ «Адыгэ псалъэм» и напэкІуэцІ щхьэхуэхэу «Щикъухьащ адыгэр дунеижьым», «Махуэку», «Малъхъэдис» жыхуиІэхэм ит тхыгъэхэм, нэгъуэщІхэми.

«Адыгэ псалъэр» куэдым щІэгъэкъуэн яхуохъу, псом хуэмыдэу егъэджакІуэхэм, гъэсакІуэхэм, апхуэдэуи адэ-анэхэм, нэхъыжьыфІхэм. Къапщтэмэ, сэ солъагъу си дэлъхум ипхъу-егъэджакІуэм и дежкІэ а газетым мыхьэнэуэ иІэр.

А псоми къокІ «Адыгэ псалъэр» куэдым я чэнджэщэгъуфІу, ныбжьэгъуфІу. Зи псалъэр жан, адыгэм дифІ зезыхуэ, ди зыужьыныгъэм хуэлажьэ газетырщ сэ къыхэсхыр. ФІы къехъулІэну си гуапэщ зи зэфІэкІми зи пщІэми хэзыгъахъуэ «Адыгэ псалъэм».

**ШЫБЗЫХЪУЭ Верэ**, *унэгуащэ.*
*Малкэ къуажэ*

● КъБР-м и Парламентым и комитетхэм

# Депутатхэр егъэпІейтей республикэм и къэрал мылъкур зэрызэрахьэм



«Лэжьыгъэр хъумэнымкІэ центр» акционер зэгухьэныгъэхэм, нэгъуэщІ зыбжанэми я акцэхэм инвесторхэри щэхуакІуэхэри къыщІэупщІакъым», - жиІащ министрым.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ **Бозий Натбий** зэрыжиІамкІэ, акцэхэм нэхъ щІэупщІэ яІэнкІэ хъунт а зэгухьэныгъэхэм я мылъкум щыщ Іыхьэ пыухыкІа абыхэм щІагъуамэ.

Иджыпсту къэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу министерствэм къыхигъэщхьэхукІащ республикэм и мылъкум хиубыдэ ухуэныгъэхэмрэ Іуэхущ ІапІэхэмрэ щІэпщытыкІыныр зэфІэгъэкІын зэрыхуейр. Апхуэдэу абы къигъэлъэгъуащ цІыху щхьэхуэхэм я мылъкум тралъхьэ налогыр къызэрабж хабзэр зэрызэрахъуэкІам и фІыщІэкІэ бюджетым къыІэрыхьэ ахъшэм хэхъуэну зэрыщыгугъыр.

Докладыр зэфІагъэкІа нэужь зэІущІэм хэтахэр зыщІэупщІа Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ гъэмахуэ хъупІэхэм хиубыдэ щІыхэр къызэрагъэсэбэпыр, мылъкур приватизацэ щыщІынымкІэ планыр зэрагъэзащІэр, инвестицэхэр зэрызэщІагъэуІуэр, нэгъуэщІхэри.

Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм илъэсым и япэ мазибгым иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм депутатхэр щыгъуазэ ищІащ абы и унафэщІ **Марьяш Иринэ**. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іыхьэ зыхэлъ къэрал предприятэ зэгуэтхэм, акционер зэгухьэныгъэхэм я финанс-хозяйствэ Іуэхухэр зыхуэдэр зэхэгъэкІыным теухуауэ дызэрыт илъэсым ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъи 4-м хиубыдэу хабзэм къемызэгъ Іуэхуу 109-рэ къыщІагъэщащ. АхъшэкІэ къапщтэмэ, абыхэм къахьа зэранығъэр сом мелуан 82-м щІегъу. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур къызэрагъэсэбэпымрэ зэрызэрахьэмрэ ефІэкІуэн папщІэ, Къэзыпщытэкъэзыбж палатэм къызэрилъытэмкІэ, республикэм и Правительствэм зэхилъхьэн хуейщ къэрал мылъкур къызэрагъэсэбэпым къыпэкІуэ сэбэпынагъыр къызэрапщытэ мардэ пыухыкІахэр», - къыхигъэщхьэхукІащ Марьяш Иринэ.

ЗэІущІэм щыжаІахэм япкъ иткІэ КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м ЩІымрэ мылъкумрэ я ІуэхухэмкІэ и министерствэм яхуэгъэза чэнджэщ зыбжанэ къащтащ.

**Республикэм и Парламентым ЭкономикэмкІэ, инвестицэхэмкІэ, хьэрычэт ІуэхумкІэ и комитетым иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ «КъБР-м и къэрал мылъкур зэрызэрахьэм и ІуэхукІэ» республикэ Законым зэрагъэзэлажьэ щІыкІэм. Абы хиубыдэу депутатхэмрэ хьэщІэхэмрэ хэплъащ республикэ мылъкум щыщу юридическэ ІэнатІэхэм, цІыху щхьэхуэхэм къагъэсэбэпыну, зэрахьэну, бэджэнду, пщІэншэу ягъэлэжьэну иратахэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэм.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтахэм я пащхьэм къыщыпсэлъам КъБР-м ЩІымрэ мылъкумрэ я ІуэхухэмкІэ и министр **Бышэн Азрэт** зэрыжиІамкІэ, республикэм и мылъкум и реестрым ямыгъэІэпхъуэ ухуэныгъэу 2617-рэ, къэрал Іуэхущ ІапІэу 260-рэ итщ. Иужьрейхэм я оперативнэ унафэм ямыгъэІэпхъуэ ухуэныгъэу 2268-рэ, къэрал предприятэу 13 щІэтщ (предприятэхэм ящыщу 6-р мылъкум хъуауэ къалъытати, я Іуэхур зэхагъэкІ).

Къэрал мылъкур зыхуахьа мурадым тету икІи фейдэ пылъу къызэрагъэсэбэпым министерствэр зэпымыууэ кІэлъоплъ. Бышэн Азрэт зэрыжиІамкІэ, республикэм и мылъкум щыщу бэджэнду ятынухэр, приватизацэ ящІынухэр е адэкІэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм къагъэсэбэпын папщІэ муниципальнэ мылъкум хагъэхьэнухэр зэхагъэкІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэ ухуэныгъэу 218-р зэрыщыту метр зэбгъузэнатІэ мин 700-м нэблагъэ. А ухуэныгъэхэм ящыщу 156-р щІыб хабзэхэм тету бэджэнду ятауэ ягъэлажьэ, 45-р федеральнэ ІэнатІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, къэрал, муниципальнэ Іуэхущ ІапІэхэм пщІэншэу къагъэсэбэп. Министерствэр хэхауэ йолэжь щІы Іыхьэхэр экономикэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ къэгъэсэбэпыным икІи абыхэм я гъунапкъэхэр гъэтэмэмауэ ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал реестрым итхэным. 2015 гъэм КъБР-м и къэрал мылъкур приватизацэ щІынымкІэ зыхалъхьэ планым хэтщ метр зэбгъузэнатІэ мин 15-м нэблагъэ къызэрыкІ ухуэныгъэу 16 зэкІэ къамыгъэсэбэпу зэрыщытыр икІи ахэр ящэн хуейр.

ПромышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ комитетым и унафэщІ **Гугу Владимир** щІэупщІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хыхьэ акцэхэр зэрагъэлажьэм, абыхэм къапэкІуэ хэхъуэхэр зыхуэдизым. Министрым зэрыжиІамкІэ, республикэм и мылъку зыхэлъ акционер зэгухьэныгъэхэм я нэхъыбапІэр тэмэму яхуэгъэлажьэркъым икІи я хэщІыхэр нэхъыбэу йокІуэкІ. «Республикэм и акцэу акционер зэгухьэныгъэу 8-м хэлъхэр ящэну сату зэпеуэхэм щэнейрэ къыщыхалъхьащ. Ауэ «Роспечать КБ», «Джайлык» узыншагъэр щрагъэфІакІуэ физкультурэ комплекс», «Налшык полупроводник Іэмэпсымэ завод»,

*КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.*

● КъБР-м и Правительствэм



# ЩІалэгъуалэр хъумэным и Іэмалхэм топсэлъыхь

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ Іуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъа зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ щІалэгъуалэм диныр тегъэщІапІэ ящІурэ ялэжь щІэпхъаджагъэр къыщежьэм, ар къэмыгъэхъуным теухуауэ щІапхъэм. КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ Емуз Нинэ. Министрым къигъэлъэгъуащ щІэпхъаджагъэр къэзышэ Іуэху зэІумыбзхэми.**

-ЯПЭРАУЭ, ар къыхокІ экстремизмэм зи гупсысэр хуэкІуэ хъуа ныбжьыщІэм и чэзум гу зэрылъыдмытэм. ЕтІуанэрауэ, егъэджакІуэхэм мащІэщ яхэтыр щІэныгъэр, мы дунейм щекІуэкІыр я тегъэщІапІэу ныбжьыщІэхэм епсэлъэфыну. Ди ныкъусаныгъэхэм ящыщщ мы Іуэхур зи къалэн министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ зэчэнджэщу зэрызэдэмылажьэр. Емузым зэрыжиІамкІэ, ныбжьыщІэхэр дгъэсэн хуейщ гумащІэу, цІыхугъэ яхэлъу, зэгурыІуэу, зым адрейр и щхьэм ирилъытыфу. Абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэ иІэщ хабзэншагъэр къызэпыудыным, цІыхубэр щІэпхъаджагъэм щыхъумэным теухуауэ 2013 - 2020 гъэхэм щІапхъэр щыгъэбелджылауэ КъБР-м къыщащта къэрал программэм. Абы щІэ гуэрхэр хэлъхьэжын хуейуэ къилъытащ министрым.

Емуз Нинэ къыхигъэщащ республикэм и щІалэгъуалэм терроризмэм гущыкІ хуезыгъэщІ Іуэхугъуэхэр жылагъуэ, лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я гъусэу къызэрызэрагъэпэщар. Абыхэм ящыщщ «Мир дому твоему» программэри. Министрыр тепсэлъыхьащ мы Іуэхум ехьэлІауэ Интернетым и Іэмалхэр къэгъэсэбэпынымкІэ республикэр нэгъуэщІхэм къазэрыкІэрыхум.

- Нэхъ зыубгъуауэ къэгъэсэбэпыпхъэщ СМИ-м и Іэмалхэри. Псом хуэмыдэу теленэтынхэм щІалэгъуалэр нэхъыбэрэ хэгъэтын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ ди гъунэгъу республикэхэр ди япэ зэрищам гу лъыботэ, - жиІащ абы.

КъБР-м и МВД-м Экстремизмэм пэщІэтынымкІэ и центрым и унафэщІ **Мамхэгъ Назир** тепсэлъыхьащ щІэпхъаджащІэхэм щІалэгъуалэр зэрызыхашэ щІыкІэм.

- Лэжьыгъэ ІэнатІэ зэрамыгъуэтым, ахэр зэрыІуэхуншэм щІалэгъуалэр трешэ гъуэгу пхэнжым. Республикэм щыпсэу ныбжьыщІэхэм я нэхъыбэм тэмэму хащІыкІыркъым къэралым и законхэм, щІэпхъаджагъэм къыпэкІуэ тезырым и ткІиягъри къагурыІуэркъым. Экстремизмэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр цІыхухэр диным и мардэхэм зэрыщымыгъуазэрщ.

Мамхэгъым жиІащ щІалэгъуалэр экстремизмэм щыхъумэнымкІэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я къалэнхэр нэсу ямыгъэзащІэу къызэрилъытэр.

- Экстремистхэм бзаджэу къагъэсэбэп Интернетыр. БалигъыпІэ имыува, зи акъылыр зэрымыубыда ныбжьыщІэхэр гъэпцІагъэкІэ «я хъым» ираубыдэ. МВД-м и лэжьакІуэхэр кІэлъоплъ Интернет сайтхэм, - жиІащ абы.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ щІэпхъаджащІэхэр щынэхъыбэр: Налшык къалэ, Бахъсэн, Шэджэм, Іуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ щІыналъэхэр. Мамхэгъым зэрыжиІамкІэ, Бахъсэн, Іуащхьэмахуэ районхэм Іуэхур щофІэкІуэж. Ар къытеувыІащ диныр телъхьэпІэ ящІу щІалэгъуалэр щІэпхъаджащІэ мыхъун папщІэ республикэм щылэжьыпхъэхэм.

- Къызэгъэпэщын хуейщ зэпымыууэ Іуэхум кІэлъыплъ гуп, ІуэхущІапІэ зэхуэмыдэхэм я лІыкІуэхэр хэту. Республикэ телевиденэм къыщызэгъэпэщын хуейщ щІалэгъуалэм щІэпхъаджагъэ ямылэжьынымкІэ сэбэп хъу нэтынхэр; Интернетым сайт щыдиІапхъэщ террористхэм ныбжьыщІэхэр къамыгъэпцІэным теухуауэ лажьэу; школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, спортклубхэм щІэх-щІэхыурэ щегъэкІуэкІын хуейщ гъэсэныгъэущииныгъэ мыхьэнэ зиІэ зэІущІэхэр, лекцэхэр (адэ-анэхэр, ДУМ-м, МВД-м, районхэмрэ къалэхэмрэ я администрацэхэм я лэжьакІуэхэр хэту), - жиІащ Мамхэгъым.

КІуэкІуэ Валерий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетымрэ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институтымрэ я ректорхэу **Апажэ Аслъэнрэ Рахаев Анатолийрэ**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и проректорым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумыкъу Іэуес** сымэ къыхагъэщащ щІалэгъуалэр бгъэщхьэрыуэну зэрытыншыр икІи ар къэмыгъэхъуным телэжьэныр еджапІэ нэхъыщхьэхэм я къалэным зэрыхиубыдэр. Къэпсэлъахэр къытеувыІащ абы и ІуэхукІэ ящІэм.

- Мыхьэнэшхуэ иІэщ студентхэм еджэн яуха нэужь ІэнатІэ ягъуэтыным, нэгъуэщІу жыпІэмэ, я ІэщІагъэм пщІэ иІэным. Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институтым къыщІигъэкІхэм ящыщу зы закъуи лэжьыгъэншэкъым. ЩІалэгъуалэм я гуащІэр псыхэкІуадэ хъумэ, я гур зэщоуэ. ЯпэщІыкІэ балигъхэр дызэвгъэупщІыж: дауэ едгъаджэрэ ди студентхэр, сыткІэ сэбэп дахуэхъурэ гъащІэм хэзэгъэн папщІэ, сыт хуэдэ гъэсэныгъэ ябгъэдэтлъхьэрэ? Абыхэм ятеухуауэ Іуэхум и пэжыпІэр жытІэмэ, дызэупщІыжын хуей хъунукъым щІэпхъаджащІэхэр къыздикІымкІэ. Интернетым и гугъу дывгъэщІыт. Газетри телевиденэри хъарзынэщ, ауэ псоми дощІэ абыхэм щІалэгъуалэр щІагъуэу зэремыджэр, зэремыплъыр. Я Іэпэгъур Интернетырщ. А Іэмалыр къэдвгъэгъэсэбэп - сайтхэр дывгъэухуэ. Щапхъэу къэсхьыфынущ ди институтым щеджэхэр щызэрыщІэ сайтыр. Экстремизмэм теухуа я гупсысэмкІи щызэдогуашэ абы. Сэ къызолъытэ дэтхэнэри и гупсысэ щымыщтэжу, «зыгуэр жысІэрэ зэран къысхуэхъужмэ» жимыІэу пэжым тету лэжьэн хуейуэ, - жиІащ Рахаев Анатолий.

ЩІэблэр гъэсэнымкІэ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ къалэнышхуэ зэрагъэзащІэр къыхигъэщащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

- ЩэнхабзэмкІэ унэхэр зыхуей хуэдмыгъэзауэ, ди щІэблэр сабий ныбжьым щегъэжьауэ абы етшалІэу дымыублэжауэ, щІалэгъуалэм щэнхабзэм и дахагъэр зыхедмыгъэщІауэ, нобэ дызытепсэлъыхь Іуэхур тхуэгъэзэкІуэжынукъым. Щэнхабзэм дихьэх, зи гур абыкІэ псыхьа сабийр а гъуэгум къыщІытещхьэрыукІыжын щхьэусыгъуэ иІэнукъым, - жиІащ министрым.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ лъэхъуэщым исахэр гъащІэм хэзэгъэжыным теухуауэ щІэн хуейм.

Апхуэдэхэм лэжьыгъэ къахуэгъуэтыным и ІуэхукІэ къэпсэлъащ КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр ІэнатІэхэмкІэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт**.

- Министерствэм лэжьыгъэ щхьэхуэхэр иргъэкІуэкІ лъэхъуэщым исахэр лэжьапІэ гъэувыным теухуауэ. ЦІыхухэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ ІуэхущІапІэм цІыхуи 9-м зыхуагъэзати, 2-м ар къыхуагъуэтащ. Лъэхъуэщым къикІыжхэм къахокІ здекІуэлІэжын зимыІэхэри. Абыхэм ядэІэпыкъу ІуэхущІапІэ щыІэщ. Мы зэманым абы цІыху 28-рэ щопсэури, абыхэм ящыщу 22-р ныкъуэдыкъуагъэкІэ 1, 2, 3-нэ гупхэм хеубыдэ. Социальнэ ІуэхущІапІэр абыхэм ядоІэпыкъу я дэфтэрхэр къыдахыжынымкІи, - жиІащ министрым.

- Лъэхъуэщым къикІыжхэм лэжьыгъэ къахуэгъуэтынымкІэ республикэм щекІуэкІ лэжьыгъэр мащІэ дыдэщ. Апхуэдэхэм лэжьыгъэ къахуэтлъыхъуэу щІыналъэ администрацэхэм едгъэхь тхыгъэхэр жэуапыншэу къонэ. Нэхъыбэу ар ехьэлІащ Лэскэн, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Шэджэм, Шэрэдж, Аруан районхэм. НобэкІэ УФСИН-р щыгъуазэкъым мы илъэсым лъэхъуэщым къикІыжахэм ящыщу зы цІыху закъуи лэжьапІэ увауэ, - жиІащ КъБР-м и УФСИН-м и унафэщІым и къуэдзэ **Никитин Николай**.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къуэдзэ **Асанов Алим** къытеувыІащ тезыр зыпшынахэм ящыщ куэдыр узыфэ япкърыту лъэхъуэщым къызэрикІыжым. Абыхэм щеІэзэн хуейщ наркологие, жьэн уз зыпкърытхэр щагъэхъуж диспансерхэм, ауэ езыхэри я узыншагъэм кІэлъагъэплъыну пІащІэркъым.

Республикэм щащэ ерыскъыхэкІхэм узыншагъэмкІэ зэран къахэмыкІыным и ІуэхукІэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ Урысейм и федеральнэ антимонопольнэ ІэнатІэм КъБР-м щыІэ и Управленэм и унафэщІ **Пшыншэ Къазбэч**, Роспотребнадзорым КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІ **Пагуэ Жыраслъэн**, КъБР-м промышленностымрэ сату ІуэхухэмкІэ и министр **Гуэбэшы Залым-Джэрий**, КъБР-м и МВД-м экономикэ шынагъуэншагъэр хъумэнымрэ Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ и къудамэм и унафэщІ **Хьэщыкъуей Лев** сымэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● Урысейпсо цІыхубэ фронт

# ДызыгъэпІейтей упщІэ псори

**Москва пэгъунэгъу Аносинэ жылэм щэкІуэгъуэ мазэм махуищкІэ щекІуэкІащ Урысейпсо цІыхубэ фронтым (ОНФ) и лэжьэкІэмрэ зыхуигъэувыж къалэнхэмрэ ятеухуа зэхуэсышхуэ. Абы щытепсэлъыхьащ УФ-м и Президентым 2012 гъэм къыдигъэкІа накъыгъэ унафэхэр гъэзэщІа зэрыхъум.**

ЗЭІУЩІЭМ къыщыпсэлъащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и лІыкІуэхэр, УФ-м и прокурор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэр, къэралым и Къэзыбж палатэм и Іэтащхьэр, социально-экономикэ, политикэ къэхутэныгъэхэмкІэ центрхэм я унафэщІхэр. Иужьрейхэм къызэрыхагъэщащи, Урысейпсо цІыхубэ фронтым и Іуэхухэр дэнэкІи зэхуэдэу хъарзынэу щокІуэкІ.

Политикэ, экономикэ, литературэ я лъэныкъуэкІэ ди зэманым зыхущІэкъун хуейхэм, нэгъуэщІ куэдми теухуауэ къулыкъущІэхэр щызэпсэлъащ зэхуэсым. Апхуэдэуи ягъэбелджылащ парламент хэхыныгъэхэм зэрыхэтыну щІыкІэр. ЗэщІэхъееныгъэр хуиткъым политикэ къару гуэр и лъэныкъуэу хэхыныгъэхэм зыкъыщигъэлъэгъуэну, Урысейпсо цІыхубэ фронтым и дамыгъэр, и цІэр къигъэсэбэпыну. Ауэ парт зэмылІэужьыгъуэхэм ОНФ-м хэтхэм щыщ къагъэлъэгъуэну хуитщ.

ОНФ-м Президентым и унафэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъ и «ЦІыхубэ экспертизэ» центрым и унафэщІ Николаев Николай къызэхуэсахэм яжриІащ мы зэманым «ЦІыхубэ экспертым и библиотекэ» къызэрызэрагъэпэщыр. Япэу «щІалъхьахэм» ящыщщ псэупІэ унэхэр кхъахэу къызэралъытэм ехьэлІа чэнджэщхэр, абы укъыщІэзыгъэкІыну зи къалэн ІуэхущІапІэхэм уазэрыдэлэжьэну Іэмалхэр, нэгъуэщІхэри. Николаевым къызэрыхигъэщамкІэ, а псор щІащІэр, тхылъхэр щІагъэхьэзырыр я псэупІэм ехьэлІауэ цІыхухэм яІэ хуитыныгъэр ящІэн папщІэщ.

Урысейпсо цІыхубэ фронтым «За честные закупки» и проектым и унафэщІ Геттэ Антон тепсэлъыхьащ зэщІэхъеены-гъэм хэтхэр къэрал мылъкур зэзылъэфалІэхэмрэ Іулъхьэ Іызыххэмрэ жыджэру зэрапэщІэтыр. Мыхьэнэ зиІэу абы къилъытащ Іулъхьэ къеІызыххэм япэщІэтынымкІэ зэхуэс зэхуэмыдэхэр щІэх-щІэхыурэ Урысейм и щІыналъэхэм зэрыщекІуэкІыр. «За честные закупки» Іуэхум къыхыхьащ цІыху мини 10 хуэдиз. Къэбгъэлъагъуэмэ, ЦІыхубэ фронтыр Іуэхум хыхьа нэужь, нэпцІу ахъшэ зыхухаха лэжьыгъэ куэд къызэтрагъэувыІащ, псори зэхэту сом меларди 166-рэ я уасэу.

ОНФ-м и щІыналъэ гъэзэщІакІуэ комитетхэм я Іэтащхьэхэмрэ штаб унафэщІхэмрэ я пащхьэ къыщыпсэлъащ УФ-м и МИД-м и лІыкІуэ Захаровэ Марие. Абы зэхуэсым хэтхэм я упщІэхэми жэуап иритащ.

Псалъэмакъ нэхъ гуащІэхэр щекІуэкІар социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ упщІэхэр къыщаІэта зэІущІэхэрщ. Урысейм щыпсэухэм къэрал ахъшэр нэхъыбэу зыхуаунэтІын хуейуэ къалъытэр ЭкономикэмкІэ школ нэхъыщхьэм зэхигъэкІащ. Апхуэдэу зэупщІахэм я процент 55 - 60-м къалъытэ узыншагъэр хъумэным, сабий гъэсапІэхэмрэ курыт школхэмрэ, цІыхухэм ядэІэпыкъуным къэрал гулъытэр нэхъ теухуапхъэу. Къэралым щыпсэухэм я процент 48-м яфІэтэмэмщ жьы хъуауэ мылэжьэжыфхэм, зи узыншагъэм къимыхьхэм, зеиншэхэм ядэІэпыкъуныр. Апхуэдэуи цІыхухэм я ІыхьэфІым (процент 43-м) жаІащ бынунагъуэшхуэхэм-рэ зи адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ ядэІэпыкъун зэрыхуейр.

ЗэІущІэм щыжаІахэр къыщызэщІакъуэжым, Урысейпсо цІыхубэ фронтым и штаб нэхъыщхьэм и унафэщІхэм ящыщ Бречалов Александр ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм папщІэ псоми фІыщІэ яхуищІащ, апхуэдэуи Іуэхум хэтахэм тхылъ зырыз яритащ Урысейм Литературэм и илъэсыр зэрыщагъэлъапІэм къыхэкІкІэ.

ОНФ-м и лэжьыгъэм теухуауэ и Іуэху еплъыкІэ къигъэлъэгъуащ ПІалъэ къызыхэкІ мыхъуну сабий хирургиемрэ травматологиемкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ Рошаль Леонид. Абыи къыхигъэщащ Урысейпсо цІыхубэ фронтым и лэжьыгъэм фІы куэд къызэрыдэкІуэр.

«Дызыхэта зэІущІэр щхьэпэщ псом я дежкІи. Дэ дыхунэсащ дызыгъэпІейтей упщІэ псомкІи къэрал властымрэ нэгъуэщІ ІэнатІэхэмрэ я унафэщІхэм, лІыкІуэхэм захуэдгъэзэну», - къыхигъэщащ Урысейпсо цІыху-бэ фронтым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІхэм ящыщ Хутуевэ Любовь.

*Урысейпсо цІыхубэ фронтым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-ІуэхущІапІэ.*

● Налшык

# Гъуэгухэм йолэжь

**Налшык къалэм и гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ лэжьыгъэ йокІуэкІ.**

2015 гъэм сом мелуан 34-рэ хухахат мы Іуэхуми, лэжьыгъэр щызэфІагъэкІащ Совет Армэм и цІэр зезыхьэ, Новосельскэ уэрамхэм.

Мы зэманым «Искож» хьэблэм щолэжь Кадыровым и цІэр зезыхьэ уэрамым. Неделинэ, Ингуш уэрамхэм я зэхуакум дэлъ гъуэгумрэ лъэс лъагъуэмрэ зыхуей хуагъэзэнущ. ЦІыхухэм хуиту зыщагъэпсэхун папщІэ а щІыпІэм уэздыгъэ зыфІэлъ пкъохэр щагъэувынущ, фонтанкІэ, тетІысхьэпІэ екІухэмкІэ ягъэдэхэнущ. Апхуэдэу Захаровым и уэрамымрэ Парковэ уэрамымрэ къыхагъахъуэри нэхъ бгъуэ ящІащ, транспорт гъэувыпІэхэри щагъэбелджылащ. Псом нэхърэ нэхъ гуапэращи, гъуэгубгъум Іут жыгхэм зыкІи зэран яхуэмыхъуу а лэжьыгъэхэр екІуэкІащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# ЗэфІэгъэкІа хъуахэмрэ къапэщытхэмрэ

● КъБР-м и прокуратурэм

**КъБР-м и прокуратурэм щекІуэкІащ наркотикхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ, зэзыгъэкІуэкІ, абыхэм хуагъадэ щхъухьхэр хабзэм къемызэгъыу зезыгъакІуэхэм япэщІэтынымкІэ ІэнатІэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым и чэзу зэІущІэ. Абы хэтащ ФСКН-м, ФСБ-м, ФСИН-м я щІыналъэ управленэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ МВД-м я къудамэхэм я унафэщІхэр, я лэжьакІуэхэр, республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ, ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ, СпортымкІэ и министерствэхэм я лІыкІуэхэр.**

ЗЭХЫХЬЭМ щызэпкърахащ хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэблэзыгъэкІхэм ебэныным пыщІа лэжьыгъэр зэрекІуэкІымрэ абы и лъэныкъуэкІэ мазибгъу кІуар зыхуэдамрэ. КъызэрагъэлъэгъуамкІэ, апхуэдэ щІэпхъаджагъэу къыщІагъэщым хэпщІыкІыу кІэрыхуащ. Отчёт лъэхъэнэм къриубыдэу ар зэрыхъуар 861-рэщ. Наркотикхэм пыщІа щІэпхъаджагъэхэр къэхутэныр, къызэпыудыныр, зэхэгъэкІыныр зи пщэрылъ следствэмкІэ къудамэхэм, абыхэм пэублэу хэплъэ, къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэр езыгъэкІуэкІ ІэнатІэхэм я ІуэхущІафэм тепсэлъыхьащ, я щыщІэныгъэхэр ягъэнэІуащ. Наркотик щхъухьхэм, акъылыр зэзыгъэкІуэкІ веществохэм къапэкІуэу хьэгъэщагъэ ІэмалкІэ зыІэрагъэхьэ хэхъуэхэр хабзэм къезыгъэзэгъыну хущІэкъу щІэпхъаджащІэхэр къыщІэгъэщыным хуэунэтІауэ къапэщытхэр ягъэбелджылащ.

Наркотик гуащІэ зэзыхьэлІэу къахутахэр 1234-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу 32-р токсикоманщ. ЩІалэгъуалэм драгъэкІуэкІ профилактикэ лэжьыгъэм арэзы укъищІыркъым. НыбжьыщІэ 21-рэ нэгъабэ учётым щытамэ, мы гъэм абыхэм 10 къахэхъуащ. Отчёт лъэхъэнэм къриубыдэу ныбжьыщІэ 16-м наркотикым пыщІа щІэпхъаджагъэ ялэжьащ. Арами, профилактикэ езыгъэкІуэкІыпхъэхэм, балигъ мыхъуахэм я ІуэхухэмкІэ, следствэмкІэ органхэм ныбжьыщІэхэр наркотикым щІыдихьэх щхьэусыгъуэхэр нэгъэсауэ зэхагъэкІыркъым, абыкІэ къуаншэхэр къахутэркъым, УФ-м и УК-м и 150-нэ, 230-нэ статьяхэмкІэ уголовнэ жэуапым ирашалІэркъым.

ЗэІущІэм къыщыхагъэщащ наркотикым пэщІэтынымкІэ муниципальнэ комиссэхэр, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэр я къалэнхэм зэремыгугъур, а щхъухьыр къызыхах губгъуэрыкІ къэкІыгъэхэр гъэкІуэдыным зэремылІалІэр. Гулъытэ хэха хуащІу тепсэлъыхьащ наркотикыр щащэ, щызэрахьэ щІыпІэхэр сэтей къэщІыным, апхуэдэ зэхуэсыпІэхэр къэхутэным пыщІа лэжьыгъэр ягъэлъэщын зэрыхуейм.

ЗэІущІэм кърикІуар щызэхалъхьэжым, ІэнатІэхэм зэдай гупым дяпэкІэ зэуІуу зэфІигъэкІынухэр унафэкІэ къащтащ.

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-ІуэхущІапІэ.*

● Пшыхьэхэр





# ЗэгурыIуэу, зызэхащIыкIыу зы щIыналъэ зэдисщ

**Ставрополь щIыналъэм щылажьэ «Адыгэхэр» щэнхабзэ центр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм махуэку кIуам Iуэху дахэ иригъэкIуэкIащ. А хэгъуэгум щыпсэу, щеджэ, щылажьэ адыгэ щIалэгъуалэ 200-м нэблагъэ зыхэта зэхуэсым кърихьэлIат Ставрополь крайм Лъэпкъ Iуэхухэмрэ къэзакъхэмкIэ и комитетым, къалэм дэт Зэныбжьэгъугъэм и унэм, лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр.**

«ЗЫ УНАГЪУЭ, зы къэрал» фIэщыгъэцIэм щIэту екIуэкIа зэIущIэм и мурад нэхъыщхьэу щытар адыгэ щIалэгъуалэм я лъэпкъ щэнхабзэм пщIэ хуащIу егъэсэнырщ, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэр ялъытэу къэгъэхъунырщ, нэхъыщхьэращи, адыгэр сыт хуэдэ лъэпкъми дэгъуэгурыкIуэфу, дэлэжьэфу зэрыщытыр зыхегъэщIэнырщ.

Пшыхьым театр жыпхъэм иту щагъэлъэгъуащ адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэхэм ящыщ Iыхьэхэр, хьэгъуэлIыгъуэ теплъэгъуэхэр, щIалэгъуалэр нэхъ дэзыхьэхрати, адыгэ джэгум и хабзэр ягъэлъагъуэу къэфащ. Адыгэ унагъуэм зэрыщыхабзэти, хьэщIэхэм Iуагъэхуащ адыгэ шхыныгъуэхэр.

«Адыгэхэр» щэнхабзэ центр» зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща зэхуэсыр лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхуэзапIэ, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я зэпсэлъапIэ зэрыхъуам шэч хэлъкъым. Адыгэ щIалэгъуалэм зыхуагъазэу абы къыщыпсэлъащ Ставрополь щIыналъэм Лъэпкъ Iуэхухэмрэ къэзакъхэмкIэ и комитетым и унафэщI Зритнев Владислав, къалэм дэт Зэныбжьэгъугъэм и унэм и Iэтащхьэ Васянин Виталий, абазэ, къэрэшей, ермэлы, дагъыстэн, шэшэн, къэзакъ лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэу хэгъуэгум щыIэхэм я тхьэмадэхэр.

- «Зы унагъуэ, зы къэрал» фIэщыгъэцIэр ауэ сытми къэдгупсысауэ аракъым, - жиIащ «Адыгэхэр» щэнхабзэ центр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Шыбзыхъуэ Юрий. - Кавказым ис лъэпкъхэм я деж нэтхьэсыну дызыхуей къыхуеджэныгъэщ ар. Сэ сызэреплъымкIэ, лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэхэм я нэхъыбэм щхьэусыгъуэ яхуэхъур зыщ - дэ дызэрызэмыщхьыр къыдолъыхъуэ, дызэзышалIэ Iуэхугъуэхэр къыхэдубыдыкIыу дызэкъуэувэным и пIэкIэ. Къапщтэмэ, дэ псори дызэщхьщ. Ар и кIэм нэсу къыдгурыIуэн папщIэ, дэтхэнэми и хабзэм, щэнхабзэм, дуней тетыкIэм нэхъыфIу зыщыдгъэгъуэзэн хуейуэ аркъудейщ, итIанэ нэхъыфIу удэгъуэгурыкIуэфынущ сыт хуэдэ лъэпкъми. Мис апхуэдэ лъабжьэ иIэщ мы къызэдгъэпэщ пшыхьхэм. Мыпхуэдэ зэIущIэхэм адыгэм и щэнхабзэ бейр дгъэлъагъуэм и мызакъуэу, нэгъуэщI лъэпкъхэми ди гур язэрыхуэзэIухар, дадэлэжьэну дызэрыхьэзырыр, зы унагъуэ хуэдэу дызэгурыIуэу, мамырыгъэ ди зэхуаку дэлъу дызэдэпсэуну дызэрыхьэзырыр къигъэлъагъуэу къысщохъу сэ.





Пшыхьыр джэгу дахэкIэ зэхуащIыжащ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

● Хъуэхъу

***Алътуд къуажэм щыпсэу Жамбэч Алинэ Арсен и пхъум и ныбжьыр илъэсипщI ирокъу***

Си шыпхъу цIыкIуу ди хъыджэбз пажэм сынохъуэхъу уи гъащIэр щIэращIэу, щIэщыгъуэу, гуфIэгъуэкIэ гъэнщIауэ упсэуну! Уи нэхъыжьхэр бгъэгуфIэу, нэхъыщIэм щапхъэ уахуэхъуу пщащэ щыпкъэ цIыкIу къыпхэкIыну Тхьэм жиIэ!

***Уи адэ шыпхъу Рабия.***

# Налшык щекIуэкIащ «НыбжьыщIэхэр СПИД-м и бийщ!» Iуэхур



КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ защыхъумэнымкIэ, абыхэм япэщIэтынымкIэ и центрымрэ ЩIэблэщIэ гвардием, медицинэ колледжхэу КъБКъУ-м къегъэщIылIамрэ «Призвание» жыхуиIэмрэ, КъБКъУ-м и транспорт колледжым, Къэбэрдей-Балъкъэрым Iуэху куэд щызэфIах и щIалэгъуалэ центрым я волонтёрхэм иджыблагъэ Налшык щрагъэкIуэкIащ «НыбжьыщIэхэр СПИД-м и бийщ!» Iуэхур. Абы хэтащ КъБР-м и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэмрэ Урыс члисэмрэ я лIыкIуэхэри.

ЩIалэгъуалэр щызэхуэсащ республикэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цIэр зезыхьэ утыкум деж икIи а узыфэм пэщIэтыным и дунейпсо дамыгъэм - лентI плъыжьым - хуэдэу иувыкIащ.

СПИД-м пэщIэтынымкIэ центрым и IэщIагъэлIхэр къыщыпсалъэм къыхагъэщащ а узыфэ шынагъуэм иужьрей илъэсхэм хуабжьу зэрызиубгъур, псом хуэмыдэу ар щIалэгъуалэм нэхъ яхуэлъэ зэрыхъуар. Абыхэм псори къыхураджащ СПИД-р зищIысым, абы узэрыпэщIэтын хуей щIыкIэхэм, Iэмалхэм цIыхухэр щыгъэгъуэзэн Iуэхум къыхыхьэну. Дохутырхэм зэрыжаIамкIэ, а узыр зэуэлIахэм я процент 30-м щIигъум ар зэрапкърытыр къыщащIэр абы къыхигъэзыхьыпэ хъуа нэужьщ.

А Iуэхум кърихьэлIахэм иратащ «Ущышынэн хуейкъым, ар зищIысым ущыгъуэзэн хуейуэ аращ!» жиIэу зытетха тхылъ цIыкIухэр. Абыхэм итщ дзыхь зрагъэз хъуну телефонри: **40-59-49.** Абы цIыхур псалъэмэ, зихэтыр къимыгъэлъагъуэми, и узыншагъэр зыхуэдэр къыщригъэпщытэ хъунущ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ защыхъумэнымкIэ, абыхэм япэщIэтынымкIэ и центрым.

«Гу къабзэхэр» щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм мы акцэм и ужькIэ социальнэ, мобильнэ сетхэмкIэ зэбгригъэхынущ СПИД-м зыщыхъумэным къыхуезыджэ роликыр.

***КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.***



● Псэкупсэ гъэсэныгъэ

# НэхъыфIхэмкIэ зэдогуашэ

**Налшык къалэ дэт, Пушкиным и цIэр зезыхьэ 5-нэ курыт еджапIэм щекIуэкIащ граждан, хэкупсэ гъэсэныгъэхэмкIэ республикэм щызэфIагъэкI лэжьыгъэхэр къызэщIэкъуэжыным, нэхъыфIхэмкIэ зэдэгуэшэным теухуа семинар.**

ХЬЭЩIЭХЭУ къахуеблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Азычэ Светланэ**, Ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Геккиев СулътIан**, КъБР-м Граждан, жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор** сымэ. Конференцым кърихьэлIат школым и унафэщI Емуз Светланэ, абы и къуэдзэхэу Щауэ Спартак, Iэрыпщ Мурат, Мэлбахъуэ Тиморэ и цIэр зезыхьэ библиотекэм и лэжьакIуэ ПащIэ Тамарэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къызэIуихащ Азычэ Светланэ. Ар тепсэлъыхьащ гъэ еджэгъуэ блэкIам мы Iуэхум теухуауэ зэфIагъэкIахэм, абыхэм яIэ мыхьэнэм, дяпэкIи ирагъэкIуэкIыну ягу илъхэми я гугъу ищIащ.

Школым и унафэщI Емуз Светланэ и псалъэм къыхигъэщащ граждан, хэкупсэ гъэсэныгъэхэмкIэ республикэм щекIуэкI сыт хуэдэ зэхьэзэхуэми я еджакIуэхэм ехъулIэныгъэхэр къызэрыщахьыр икIи абыкIэ зэрыгушхуэр. Нобэрей зэIущIэр я Iуэху зехьэкIэмкIэ, яIэ ехъулIэныгъэхэмкIэ псоми ядэгуэшэн мурадкIэ къызэрызэрагъэпэщари къыхигъэщащ.

Абдуллаев Мустэфа жиIащ курыт еджапIэмрэ граждан, хэкупсэ гъэсэныгъэмрэ зэпыщIэныгъэ зэраIэр, сабийхэр абы щIэпIыкIын зэрыхуейр. Абы гу зэрылъитамкIэ, республикэм а Iуэхум теухуауэ илъэс блэкIам зэхьэзэхуэ, зэIущIэ щэ бжыгъэхэр щекIуэкIащ, еджакIуэ цIыкIухэри жыджэру абы хэтащ.

ЕджапIэмрэ библиотекэмрэ а Iуэхум пыщIэныгъэу хуаIэм теухуауэ щытащ ПащIэ Тамарэ ищIа докладыр.

АдэкIэ утыку кърахьащ семинарым теухуа гъэлъэгъуэныгъэхэр, ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэхэм, абыхэм пашэныгъэр щызыIыгъахэм я гугъуи ящIащ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**



# Лъэхъуэщымрэ IэщIагъэмрэ

**«Къэбэрдей-Балъкъэр» телерадиокомпанием и корреспондентхэр Урысейм и УФСИН-м республикэм щиIэ лъэхъуэщ №3-м кIуащ. Абы и унафэщI Бырмамыт Чэрим еблэгъахэр колонием щекIуэкI лэжьыгъэхэм щигъэгъуэзащ.**

МЫ ЗЭМАНЫМ лъэхъуэщым щыIэщ щIэпхъаджагъэ хьэлъэ зылэжьа цIыху 800-м нэблагъэ. Щыгъын щад цехым (цIыху 200 щIэтщ) журналистхэр щыкIэлъыплъащ курткэ хуабэ зэрагъэхьэзырым. Къэбгъэлъагъуэмэ, илъэсым и кIуэцIым абы къыщыщIагъэкIым сом мелуан 27-рэ къыпокIуэ.

Лъэхъуэщым иIэщ плиткэ (дызэрыт зэманым апхуэдэу метр зэбгъузэнатIэ 3000-м нэс ящIын хуейуэ я пщэрылъщ), пеплоблок щагъэхьэзыр IуэхущIапIэхэри. КъищынэмыщIауэ, зэтраублащ гъущIым, пхъэм къыхах хьэпшыпхэмрэ унэлъащIэхэмрэ щелэжь IэнатIэхэри. Абыхэм щагъэхьэзыр тетIысхьэпIэхэр, пхъуантэ цIыкIухэр, сурэтылъэхэр, нэгъуэщIхэри. Журналистхэм ирагъэлъэгъуащ саугъэт хьэпшыпхэр зыщI лъэрыгур (фрезер 3D-станокыр).

- Лэжьыгъэм пэрыгъэтыным мыхьэнэшхуэ иIэщ апхуэдэ цIыхухэм дежкIэ, - жеIэ лъэхъуэщым и унафэщIым. - Къыхэгъэщыпхъэщ ягъэтIысахэм ящыщ куэдыр нэхъ ипэIуэкIэ зэи зыщIыпIи щымылэжьауэ, Iуэхум хуэмыIэрыхуэу зэрыщытри. Лъэхъуэщым къепхауэ мыбы дэтщ IэщIагъэ 22-м щыхуагъэхьэзыр еджапIэ. Лъэхъуэщым щикIыжкIэ абыхэм IэщIагъэ зрагъэгъуэтагъэххэу цIыхум яхыхьэжыфынущ. Шэч хэмылъу, лэжьыгъэм ахэр нэгъуэщI щIэпхъаджагъэ ялэжьыным щихъумэнущ. Мыбдежым абыхэм къыщахь улахуэмкIэ Iэмал яIэщ къэралым, цIыхум хэщIыныгъэ иратар ягъэзэкIуэжыну.

Хъыбарегъащlэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр езы ягъэтIысахэми епсэлъащ.

***Урысейм и УФСИН-м КъБР-м щиIэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# ЩIалэхэщ икIи IэкIуэлъакIуэхэщ

● Зэпеуэ

**«КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ и инструктор нэхъыфI» зэпеуэм хэтащ гупхэм я унафэщIхэмрэ мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ инструкторхэмрэ.**



Бжьыпэр иубыдащ Шэджэм районым мафIэс къэмыгъэхъуныр зи къалэн и гупым и унафэщI Къумыкъу Барэсбий. ЕтIуанэ увыпIэр лъысащ а гупым и инструктор Уэлджыр Аслъэн. Шэрэдж районым мафIэс къэмыгъэхъуныр зи къалэн и гупым и унафэщI Соколовэ Надеждэ ещанэ хъуащ.

«Къумыкъу Барэсбий мафIэсым пэщIэтынымкIэ къулыкъум зэрыщылажьэрэ илъэсрэ ныкъуэрэ хъууэ аращ, ауэ а зэман кIэщIым хузэфIэкIащ IэщIагъэлI нэхъыфIхэм хабжэну. Абы и фIыщIэ хэлъщ Шэджэм районым мафIэсу къыщыхъум и бжыгъэм зэрыхэщIам», - жеIэ КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI Сэбан Арсен.

Зэпеуэм щытекIуахэм IуэхущIапIэм и унафэщIхэм къабгъэдэкI дипломхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ иратащ.

**БЫХЪУРЭ Миланэ.**

● Хъыбарегъащ**Iэ**

# КъБР-м щыпсэухэу, абы и хьэщIэхэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм фрегъэблагъэ Кавказ Ищхъэрэм лъэпкъ пшынэ еуэнымкIэ и фестивалым, 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Къэрал кинoконцерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынум.

ЩыщIидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: **40-31-49**, **40-74-39**.

# Iуплъэгъуэ закъуэ

● Дэ къытхуатх

**Дэтхэнэ зы цIыхуми гъащIэр хуэзыгъэIэфIыр и анэ гумащIэрщ. Гъунапкъэншэщ анэм и лъагъуныгъэр. Ар ещхьщ псынэпс къабзэм, гъуэгугъэлъагъуэ вагъуэм. Мис а псоращ дэ анэм и пащхьэм щытхь жэуапыр щIэиныр, абы къытхуищIар зэи щIыхуэдмыщIэжыфынур...**

МЫ IУЭХУР къыщыхъуар лIэщIыгъуэ блэкIам и 80 гъэхэрщ. Сэ а лъэхъэнэм сыщылажьэрт жыы хъуахэм, ныкъуэдыкъуэхэм, бын зимыIэхэм е зиIэу зимыIэ пэлъытэхэм щакIэлъыплъ IуэхущIапIэм. Ди жагъуэ зэрыхъути, абы щыIэхэм адыгэ зыбжани яхэтт. ДызыкIэлъыплъхэм ящыщт зи ныбжьыр фIыуэ хэкIуэта, иужьрей илъэсхэри зи закъуэ дыдэу зыгъакIуэ нанэ гуэр. Ар икъукIэ цIыхуфIт, хуэтщIэф мащIэри фIыщIэ ин ищIырт. А цIыху угъурлым и къуэ закъуэр илъэс куэд щIауэ илъэгъуатэкъым, итIани зэи и гугъэр хихыжыртэкъым и щIалэр лъагъунлъагъу къэкIуэным: жэщми махуэми пэплъэрт и къуэ закъуэм.

ЩIалэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэт, унагъуи иухуауэ, Урысейм и къалэ ин гуэрым щыпсэурт, IэнатIэ бэлыхь пэрыту. Нанэр и къуэм и напэлъагъум щIэбэгырт, гухэ дыдэ къыщыхъури гукъыдэмыж щыхъухэм дежт, «сыIумыплъэжу сылIэмэ» жиIэу. Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэм къыхэкIми, щIалэм и анэр IэщIыб ищIат, щыгъупщэжыпат. Куэдрэ хуэтхэрт нанэр и къуэм, ауэ и тхыгъэ псори жэуапыншэу къанэрт. Абы и тхыгъэ сатырхэм укъыщеджэкIэ, фIэщ щIыгъуейт апхуэдиз лъагъуныгъэ анэм быным хуиIэу. Нанэр хэтт сытым дежи и къуэр игъэзэхуэну икIи жиIэ зэпытт: «ЩIалэр лэжьыгъэшхуэ пэрытщи хущIыхьэгъуэ иIэкъым, е Тхьэм ещIэ, гукъыдэмыж»...

А псом нэхъ гъэщIэгъуэнри мырат: анэм и пенсэ «уэдым» къыхихыурэ и къуэм гъуэгупщIэ хузэхуихьэсырт, къэкIуэж хъумэ, ирикIуэжынщ жиIэу. Зэгуэр илъэсыщIэ хъуэхъу тету открыткэ къыхуригъэхьат щIалэм и анэм. А Iэрытх закъуэр анэм хуабжьу сакъыу ихъумэрт, щIэхщIэхыурэ къищтэурэ ба хуищIырт, хъэтIым сабийм хуэдэу епсалъэрт. А дакъикъэм анэм и нэгум уиплъэныр гукъутэт.

ГущIыхьэт а Iуэхум и кIэухыр: илъагъужакъым анэм и къуэ закъуэр. Ауэ къуэр анэм и дауэдапщэм кърихьэлIэжащ, анэм и «къуентхъ» тIэкIури зыхуей хуигъэзащ.

Ноби щыIэщ зи анэхэр IэщIыб зыщIыфхэр, ублэмэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ди лъэпкъэгъу зыкъоми яхэтщ абыхэм. Сыхуейт бын псоми яжесIэну: «ФымыщI зэи анэр IэщIыб, абы хуэфщIаращ фэри фи бынхэм къыфхуащIэжынур. Дунейм теткъым зы цIыху, анэм нэмыщIа, быным сыт къримыщIами, зыгъэгъуф».

Сыхуейщ си тхыгъэм кIэух хуэсщIыну дуней псом нэхъ лъапIэ дыдэу тет анэ гу щабэ-псэ щабэм хуэгъэза мы сатырхэр:

**Псори уэрщ зи фIыщIэр, си анэ!**

**Алыхь лъапIэм и IэмыркIэ**
**Анэм гъащIэр къызэптащ,**
**Узым, лажьэм сащыпхъумэу**
**Бгъафэ хуабэкIэ супIащ.**
**Жэщ кIыхь куэдхэр ущхьэукъуэу**
**Си пIэ лъапэм щыбгъэкIуащ,**
**ГъащIэ гъуэгум сытепшэным**
**Къару куэд хуэбунэтIащ.**
**Гъуэгу тэмэм пхысшамэ гъащIэм,**
**Ар зи фIыщIэр уэрщ, си анэ**
**ЦIыхухэм цIыхуу сыкъалъытэм,**
**Ари уэрщ зи лIыгъэр, си анэ.**
**Си унагъуэр зэгурыIуэм,**
**Ар зи щапхъэр уэрщ, си анэ,**
**Ди жьэгу пащхьэр нэхуу къаблэм,**
**Ари уэрщ зи нэхур, си анэ.**
**ЗэрымыщIэкIэ зэгуэр**
**Сегуэуауэ щытым уигу,**
**Щхьэщэ пхуэсщIу сынолъэIур,**
**Си анэ дыщэ, къысхуэгъэгъу!**
**Бынхэм псоми сыволъэIу**
**ДывмыгъэщI и жагъуэ анэм,**
**Дыхуэсакъыу а фIыгъуэшхуэр**
**ЗиIэм псоми дывгъэхъумэ!**

**ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Ленэ**
*Нарткъалэ*

# 2016 Адыгэ махуэгъэпс

**Урысей дзэзешэ цIэрыIуэхэр, унафэщIхэр, СССР-м, РФ-м я ЛIыхъужьхэр, генералхэр, адмиралхэр**


Урысей Правительствэм и УнафэщI, дзэзешэ Iэзэ Черкасский Яков (Урыскъан)
*(1604 - 1666)*


Япэ урысей генералиссимус Черкасский Михаил (Алей)
*(1645 - 1721)*


Урыс дзэзешэ цIэрыIуэ, дипломат, щIэныгъэлI Бекович-Черкасский Александр
*(1671 - 1717)*


Урыс дзэзешэ цIэрыIуэ, дипломат Идар Мамсырыкъуэ
*(1524 - 1601)*


Урысей Правительствэм и УнафэщI Черкасский Алексей
*(1680 - 1742)*


Урысей Правительствэм и УнафэщI Черкасский Иван
*(1579 - 1642)*


Урыс дзэзешэ хахуэ, пщы, дипломат Черкасский Къасболэт
*(? - 1681)*

## МАЗАЕ
**Февраль**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Гъу. | 2 | 9 | 16 | 23 | |
| Бр. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Мху. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мр. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Щб. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Тхь. | 7 | 14 | 21 | 28 | |

## ЩIЫШЫЛЭ
**Январь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Гъу. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Бр. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Мху. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Щб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Тхь. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |

## ЛIыхъужьхэм я махуэ

Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэр ди къэралым гъэлъэпIэн щыщIидзар Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир «Зауэм и щIыхьым и махуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ» ехьэлIа Федеральнэ законым дыгъэгъазэм и 27-м зэхъуэкIыныгъэ хилъхьа иужьщ. 1917 гъэм нэсыхукIэ дыгъэгъазэм и 9-м (жьымкIэ щIышылэм 26-м) Урысейм щагъэлъапIэу щыташ Георгий орденыр зыхуагъэфэщахэм я махуэр. 1769 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м Екатеринэ ЕтIуанэм унафэ ищIащ Георгий щихъым и цIэкIэ лIыгъэ къагъэлъагъуэу, я хэкум и щIыхьыр яхъумэу зауэм хэта зауэлIхэм орден яритыну. УФ-м и дзэм хэтхэм а дамыгъэ лъапIэр ирату щыщIадзар 2000 гъэрщ. 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м щегъэжьауэ Совет Союзым, Урысей Федерацэм и ЛIыхъужьхэм, ТекIуэныгъэр къэзыхьа Георгий щихъым и орден, ЩIыхьым и дамыгъэхэр зратахэм я махуэу ягъэлъапIэ.

Георгий щихъым и орденыр дзэм хэтхэм я лIыгъэм, а IэнатIэм щызыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэфIхэм я дамыгъэ лъапIэу щытащ. Нагъыщэу плIы зиIэ орденыр Урысейм и дамыгъэхэм я нэхъ лъапIэу къалъытэрт. Къыхэгъэщыпхъэщ орденым и сыт хуэдэ нагъыщэми ар зратам я лIакъуэм уэркъ цIэр зэрахьэну хуит зэрищIыр. Орденым и 4-нэ нагъыщэр илъэс 25-кIэ дзэм хэтахэм е илъэс 18 - 20-кIэ флотым къулыкъу щызыщIахэм (зауэ гуэрым хэтамэ) хуагъэфащэрт. Мы орденыр зратахэм я цIэхэр Кремлым и Георгий пэшым и мывэ блыным 1849 гъэм щегъэжьауэ тратхэн щIадзащ.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, Урысейм революцэ къыщыхъун ипэ Георгий щихъым и орденым и япэ нагъыщэр зыхуагъэфэщар зэрыхъур цIыху 25-рэ къудейщ. Япэ дыдэу а орденыр щагъэув махуэм пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм, етIуанэу урыс дзэзешэ цIэрыIуэ Румянцев-Задунайский Петр, 1770 гъэм и шыщхьэуIу мазэм Ларгерэ Кагулерэ деж тыркудзэм зэращытекIуам папщIэ хуагъэфэщауэ щыташ.

Георгий и дамыгъэ лъапIэм и нагъыщэ псори хуагъэфэщауэ тхыдэм къыхэщыжыр цIыхуиплI къудейщ. Ахэр: пщы, генерал-фельдмаршалхэу Кутузов-Голенищев Михаил, Барклай-де Толли Михаил, граф, генерал-фельдмаршалхэу Дибич-Забалканский Иван, Паскевич-Эриванский Иван сымэщ. Япэ, ещанэ нагъыщэхэр цIыхуищым - генерал-фельдмаршал Потемкин-Таврический Григорий, генералиссимус Суворов-Рымникский Александр, граф Беннигсен Леонтий - иратащ.

Адыгэхэм ящыщу Урысей къэрал дамыгъэ нэхъ лъапIэхэр зратар куэд дыдэ мэхъу. Ди махуэгъэпсым хэтыр 24-рэ къудейщ.

1992 гъэм и гъатхэпэ мазэм Урысей Федерацэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым Георгий щихъым и цIэр зезыхьэ орденымрэ Георгий и жорымрэ къыхалъхьэжри, ар Урысейм и Президентым и унафэкIэ 2000 гъэм шыщхьэуIум и 8-м щIагъэбыдэжауэ щыташ. ШыщхьэуIум и 13-м 2008 гъэм Осетие Ипщэм къыщыхъуа зауэм иужькIэ мы орденыр ират хъуащ шынагъуэншагъэр, мамырыгъэр яхъумэу хамэ къэралхэм лIыгъэ щызезыхьахэм.

Орденыр зыхуагъэфэща лIыхъужьхэм я унэцIэхэр Кремлым и Георгий пэшышхуэм и мывэ блынхэм тратхащ.

СССР-м и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэу «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу хэта цIыху 11600-м хуагъэфэщауэ щыташ. Иужьрейуэ а цIэ лъапIэр зыфIащар ещанэ рангым ит капитан Солодков Анатолийщ (1991 гъэм).

Урысейм и къэрал дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэу - «Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь» цIэр - 1992 гъэм и гъатхэпэ мазэм УФ-м и ЗаконкIэ ягъэуващ. А унафэ дыдэмкIэ Дыщэ Вагъуэ дамыгъэ лъапIэри къащтащ. «Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь» цIэр езытыр УФ-м и Президентырщ. Ар зыхуагъэфащэр къэралымрэ цIыхубэмрэ ехьэлIауэ лIыхъужьыгъэ зезыхьэ, псэемыблэжу зыкъэзыгъэлъагъуэ цIыхурщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

## БАДЗЭУЭГЪУЭ
**Июль**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Гъу. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Бр. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Мху. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Щб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Тхь. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |

## ШЫЩХЬЭУIУ
**Август**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Гъу. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Бр. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Мху. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мр. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Щб. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Тхь. | 7 | 14 | 21 | 28 | |


Идар Алтыншаш и къуэ Симеон Бекбулатович
*(? - 1616)*
*1575 - 1576 гъэхэм урыс пащтыхьу щыташ*

## ГЪАТХЭПЭ
**Март**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Гъу. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Бр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мху. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Мр. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Щб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Тхь. | 6 | 13 | 20 | 27 | |


Урыс дзэзешэ цIэрыIуэ, беслъэнеипщ Къанокъуэ Мэшыкъуэ
*(1512 - 1561)*


Къэбэрдей пщы уэлий ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ
*(1663 - 1710)*


Урыс адмирал щэджащэ Ушаков Федор
*(1745 - 1817)*


Япэ адыгэ тхакIуэ, урыс генерал Къаз-Джэрий СулътIан
*(1807 - 1863)*

## ФОКIАДЭ
**Сентябрь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Гъу. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Бр. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мху. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Щб. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Тхь. | 4 | 11 | 18 | 25 | |

## МЭЛЫЖЬЫХЬ
**Апрель**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Гъу. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Бр. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Мху. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Щб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Тхь. | 3 | 10 | 17 | 24 | |


Япэ адыгэ этнограф, тхыдэтх, Кавказ-бгырыс эскадроным и унафэщI Хъан-Джэрий СулътIан
*(1808 - 1842)*


Урыс армэм и полковник, лIыхъужь ХьэтIохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ
*(1760 - 1812)*


Георгий жорым и нагъыщиплIри къэзыхьа Джэтау Уэлий
*(1881 - 1922)*


Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къубатий
*(КъБР)*

## ЖЭПУЭГЪУЭ
**Октябрь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Гъу. | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Бр. | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мху. | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Мр. | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Щб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |
| Тхь. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | |


Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар *(КъШР)*

## НАКЪЫГЪЭ
**Май**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Гъу. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Бр. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мху. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мр. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Щб. | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Тхь. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |

## МЭКЪУАУЭГЪУЭ
**Июнь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Гъу. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Бр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мху. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мр. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Щб. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Тхь. | 5 | 12 | 19 | 26 | |

## ДЫГЪЭГЪАЗЭ
**Декабрь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Гъу. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Бр. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мху. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Щб. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Тхь. | 4 | 11 | 18 | 25 | |

## ЩЭКIУЭГЪУЭ
**Ноябрь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Гъу. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Бр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мху. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Мр. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Щб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Тхь. | 6 | 13 | 20 | 27 | |


Совет Союзым и ЛIыхъужь Къуэныкъуей Назир *(КъБР)*


Урысейм и ЛIыхъужь Къардэн Уэхьид *(КъШР)*


Совет Союзым и ЛIыхъужь Андырхъуей Хъусен *(Адыгей)*


Совет Союзым и ЛIыхъужь Нэхей Даут *(Адыгей)*


«ЩIыхь» орденым и нагъыщэхэр къэзыхьа ЩхьэкIумыдэ Мэсхьуд
*(Шапсыгъ)*


«ЩIыхь» орденым и нагъыщэхэр къэзыхьа Мусэ Менлы
*(КъБР)*


Контр-адмирал Тхьэгъэпс Мэжид
*(Адыгей)*

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.167
Заказ №2046